

Istwa: Janèt ak Grenn Pwa yo

Kesyon Esansyèl: Koman Janèt te fè jwenn sa l t ap chèche?

Se te yon tifi **modèst** yo te rele Janèt ki t ap viv nan yon fèm ansanm ak manman l epitou ak Febe, yon ti kabrit li. Yon jou, manman l di l: «Lapli pa tonbe, tout plant nou yo nan jaden an fin seche. Desann lavil al vann ti kabrit la. Itilize **peman** pou w achete manje.»

«M pa vle vann ti kabrit la. » Janèt pran kriye. Paske li pat vle **dezobeyi** manman l, li te oblije pran ti kabrit la pou l t al fè sa manman l te mande l fè a. Ak anpil dekourajman li pran ti kabrit la epi l desann lavil la avè l. Pandan l te nan wout, li rankontre ak yon granmoun gason ki pran ka Febe.



Febe, ti kabrit Janèt la.

«Li pou vann.» Janèt di granmoun nan ak dlo plen zye li.

3^{yèm} Ane

«M pa gen lajan, men m gen kèk grenn pwa.» Granmoun nan di. « Si w plante grenn pwa sa yo ou pap janm grangou ankò. Nou ka fè yon **twòk**. Nou ka chanje grenn pwa yo pou ti kabrit la.»

Janèt reflechi epi l **konsidere** òf la. Daprè obsèvasyon Janèt, granmoun nan sanble li sansib epi l ka byen pran swen ti kabrit la. Mwen si l ap pran swen Febe. Janèt finalman decide pou l vann ti kabrit la. Li aksepte grenn pwa yo.

Lè Janèt rive lakay, manman l te fache ak desizyon li an. «Ou retounen san manje, epi san lajan!» Manman l rele byen fò.

Janèt **admèt** manman l gen rezon. Li sèlman genyen twa grenn pwa; epi l sonje Febe. Sa k pi mal la manman l pa kontan. Janèt plante grenn pwa yo nan lakou a epi l al dòmi. Nan maten lè Janèt leve li pase nan lakou a. Lè l rive li wè yon sèl gwo pye pwa byen wo kote l te plante grenn pwa yo.



Yon pye pwa pouse byen vit

Pa kiryozi, Janèt monte pye pwa. «M pwal wè kisa ki dèyè l.» Li di pou kont li.

Lè l rive li wè yon palè **mayifik** nan mitan yon chan. Li frape nan pòt la epi yon sèvant reponn.

« Kache!» Sèvant lan di l. «Jeyan pwal vini kounye a; li pa renmen etranje.» Janèt kouri al kache anba tab la.

Jeyan parèt avèk yon kaj ki genyen yon ti poul ladan l. Ti poul la pat tèlman kontan. Lè jeyan fin antre li di ti poul la: « Ponn ti poul, ponn!» Kiryozite pran Janèt ankò epi l pran gade tou dousman ki aksyon k ap fèt pandan l te anba tab la. Li wè **kreyasyon** poul la. Sete yon ze an lò.



Janèt glise desann ak ti poul la

Ti poul la raple Janèt Febe, ti kabrit li a. Li te vle bay ti poul la yon pi bon kay pou l rete. Li kouri antre nan mitan janm jeyan epi l bap li pran kaj la. Li kouri al nan pye pwa epi l glise desann.



Jeyan twò lou pou ti pye pwa.

Jeyan kouri dèyè l, men li pat kapab glise desann paske l te twò lou. Li kase pye pwa. Se konsa pye pwa vin disparet, men Janèt avèk poul la te an sekirite.

Ti poul la te kontan paske l te gen yon lòt kay kote l te kapab ponn anpil ze an lò. Manman Janèt te kontan paske l te ka itilize ze yo pou achte tout sa l te bezwen. Janèt te kontan paske l te rive twoke yon ze ak granmoun nan pou l te kapab genyen Febe ankò.

Text Evidence

Chèche evidans nan tèks la ki eksplike santiman Janèt pou Febe.
